# Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- xamal na ma taaya fekk samay ténq moo ngi ci diggante ñaari ténqam, kem ni mu ma xamale saaru Alxuraan

Jële na ñu ci Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dollee gërëm-, mu wax ne: Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- xamal na ma taaya fekk samay ténq moo ngi ci diggante ñaari ténqam, kem ni mu ma xamale saaru Alxuraan: "Attahiyyaatu lil Laahi, assakiyyaatu lil Laahi, attayyibaatus salawaatu lil Laahi, assalaamu halayka ayyuhan nabiyu,wa rahmatul Laahi wa barakaatuhu, assalaamu halaynaa wa halaa hibaadil Laahis saalihiina,ashadu an laa ilaaha illal Laahu wa ashadu anna Muhammadan habduhu wa rasuuluhu". Nekk na ci yeneen baat: "Yàlla mooy jàmm, bu kenn ci yéen toogee ci julli na wax: "Attahiyyaatu lil Laahi, assakiyyaatu lil Laahi, attayyibaatus salawaatu lil Laahi, assalaamu halayka ayyuhan nabiyu, wa rahmatul Laahi wa barakaatuhu, assalaamu halaynaa wa halaa hibaadil Laahis saalihiina, bu ko waxee jot na dal na bépp jaam bu sell ci asamaan ak suuf, ashadu an laa ilaaha illal Laahu wa ashadu anna Muhammadan habduhu wa rasuuluhu, topp mu tànn ci ñaan yi lu ko soob".
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-dafa xamal Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dollee gërëm-taaya ji ñuy wax ci julli,fekk mi ngi teg loxoom ci loxoom,ngir bàyyilloo Ibn Mashuud xel.Kem ni mu koy xamale saaru Alxuraan,loolu di tegtale ne Yonnente bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- yittewoo taaya ci baat yi ak ci maanaa mi. Mu wax: "attahiyyaatu lil Laahi": Te mooy bépp wax mbaa jëf juy tegtale ag màgg, te lépp Yàlla mu màgg mi moo ko jagoo. "assalawaatu": Te mooy julli gi ñu xam, farata yi ak naafila yi Yàlla mu kawe mi la ñeel. "attayyibaatu": Ay wax ak i jëf ak i melo yu teey yuy tegtale ag mat, lépp Yàlla mu kawe mi moo ko jagoo. "assalaamu halayka ayyuhan Nabiyyu wa rahmatul Laahi wa barakaatuhu": Ñaan la ñeel ko ci mucc ci bépp gàkk-gàkk ak lu bon, ak ug dolliku ak yokkte ci wépp yiw. "assalaamu halaynaa wa halaa hibaadil Laahi assaalihiina": Ñaan jàmm la ñeel aji-julli ji ak bépp jaam bu sell ci asamaan ak suuf. "ashadu an laa iLaaha illa Laahu": Maanaam maa ngi saxal saxal gu dogu ci ne amul kenn ku ñuy jaamu cig dëgg ku dul Yàlla. "wa anna Muhammadan habduhu wa rasuuluhu": Maa ngi koy seedeel ag njaam ak ne mooy Yonnente bi mujj. Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daal di ñaaxe ci mu tànn ci ñaan lu ko soob .